



Lalwa entèdi zak diskriminasyon

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP) respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou pèsòn akòz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, laj yo, andikap yo oswa sèks yo, san wete karakteristik seksyèl yo, trè entèseksyèl yo ; gwosès yo oswa lòt kondisyon sante ki gen rapò ak gwosès yo ; oryantasyon seksyèl yo ; idantite jan yo, ak esterewotip seksyèl yo (selon fason 45 CFR § 92.101(a)(2) dekri diskriminasyon seksyèl). AmeriHealth Caritas VIP Care pa mete pèsòn sou kote ni li pa trete pèsòn yon fason ki mwens favorab akòz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, laj yo, andikap yo oswa sèks yo.

AmeriHealth Caritas VIP Care :

- Bay moun ki andikape yo modifikasyon ki rezonab anvan avèk asistans ak sèvis oksilyè ki gratis pou ede yo kominike yon fason ki efikas avèk nou, tankou:
 - entèprèt konpetan nan lang siy,
 - enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè yo sèvis gratis pou ede yo nan lang pa yo, tankou:
 - entèprèt konpetan,
 - enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen yon modifikasyon rezonab, yon asistans oswa yon sèvis oksilyè, oubyen yon sèvis pou ede w nan lang pa w, kontakte ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas VIP yo nan **1-833-535-3767 (TTY 711)**. Nou disponib lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm, epi sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas.

Si w panse AmeriHealth Caritas VIP Care te manke bay sèvis sa yo oswa si w panse li te fè yon lòt kalite zak diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze yon reklamasyon bay kowòdinatè dwa sivil yo pa lapòs, nan telefòn oswa sou Entènèt.

Lapòs: AmeriHealth Caritas VIP Care
Attn: Civil Rights Coordinator
P.O. Box 7140
London, KY 40742-7140
Telefòn: 1-833-535-3767 (TTY 711)
Imèl: dlaacfcmergrievance@amerihealthcaritas.com

Si w bezwen èd pou depoze yon reklamasyon, kowòdinatè dwa sivil AmeriHealth Caritas VIP Care a disponib pou ede w. Epiou, ou kapab depoze yon plent sou dwa sivil bay Biwo Dwa Sivil la, ki fè pati Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, pa mwayen elektwonik. Ou ka fè sa sou paj Entènèt pou depoze plent bay Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen yon lèt oswa telefòn nan:

Lapòs: U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
Telefòn: 1-800-368-1019, (TDD 1-800-537-7697)
Entènèt: <https://www.hhs.gov/ocr/complaints/index.htm>

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se si kontra sa yo renouvle sèlman moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-833-535-3767 (TTY 711) de lunes a viernes, de 8 a. m. a 8 p. m., del 1 de abril al 30 de septiembre; o los siete días de la semana, de 8 a. m. a 8 p. m., del 1 de octubre al 31 de marzo. La llamada es gratuita.

ATANSYON: Si w pale kreyòl, ou ka resevwa sèvis pou ede w nan lang pa w san w pa peye pou sa. Rele nan 1-833-535-3767 (TTY 711) lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant 1^{ye} avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant 1^{ye} oktòb ak 31 mas. Apèl la gratis.

Avi sa a disponib tou sou sitwèb AmeriHealth Caritas VIP Care a nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.